Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул 12 май РУЗМАН

№22 (7457)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо

# Хвел гьечIеб бахIарчилъиялъе-даимаб рещц!




Цин цIад щенон, хадуб бакъ баккун, хисардулеб гьавабакъ бугониги, жиб байрамкъо букIин бичIчIизабуна 9 Маялъул къоялъ щибаб идараялъул азбаркъватIалдаса рагIулел рагъул заманалъул кучIдуздалъун, бакI-бакIаздасан понцIерабигун, жидерго гIагарлъиялъул рагъда хваразул ва рагъул гIахьалчагIазул суралгун «хвел гьечIеб полкалъулаздалъун», игIаналгун, зурма-къолол бакъназда гъоркь рачIун, басрияб централда нухлул кIирикьуда данделъарал райцентралъулаздалъун ва районалъул росабазул вакилзабигун школлъималаздалъун, КIочIалисан бехе бачIараб рагъул БМП машинаялъгун рахъ-рахъаздасан «Ракълие гIоло, эркенлъиялъе гIоло, бергьенлъиялъе гIоло!» абун балаго ахIигун, парпазарун байрахъалгун чотIахъабаздалъун.




Гьенисан байбихьана районалда КIудияб ВатIанияб рагъда тушманасда тIад бергьенлъи босаралдаса 72 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабиялъул тадбир. Цебе-цебе аскариязул рагъулаб машинагун, гьеб сверун парпалел байрахъалгун чотIахъабаз, гьезда хадуб байрамалъулаб парадалда гIахьаллъаразул читIиралъ балеб цIадакь рагъул соназул кучIдузда гъоркь нух босана Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасе ва 1999 соналъул августалда закониял гурел яргъид гIуцIарал хъачагъазул кверзукьа гIолохъанго хварал милициялъул хIалтIухъабазе рарал гIарасазда цере тIугьдул лъезе. Гьел лъун хадуб, рагъул ва ракълилаб заманалда халкъалъул парахалъи цIунулаго хварал рагъухъаби ракIалде щвезариялъе кьвагьана рагъулаб салют ва хадур ракIарана




маданияталъул КIалгIаялда цере. ЦIар лъаларев солдатасул гIарасалда цере тIугьдул лъун хадуб, школлъималаз, хъахIал къункърави ракIалде щун, гьеб читIиралъулъ щивасул бакI букIин бичIчIизабулеб гIадин, роржине риччана понцIераби. Цинги байбихьана рохалилаб тадбир...



«Цо-цояз хIаракат бахъаниги, жиндие мекъаб къимат кьезе, дунялалъул тарихалде 9 Маялъул къо ана КIудияб Бергьенлъиялъул Къо хIисабалда, ва жакъа нилъер кIудияб байрам буго.

# Хвел гьечIеб бахIарчилъиялъе-даимаб рецц!

1



Нилъеца хIисаб гьабула кинаб багьа къун щвараб эркенлъи нилъее бугебали ва лъиего ихтияргун рес кьеларо кьалул байдабазда хутIарал анцI-анцI миллионал гIадамазул бигун рухI къун босараб тарихияб бергьенлъиялъул байрамалъул тарих хисизабизе.

рагъулъ аслияблъун букIана гьудуллъи, вацлъи, жидерго бергьенлъиялда ракIчIей ва божилъи, тушманасде цIин.

КIудияб ВатIанияб рагъулъ гIахьалчагIи нилъер районалда хутIун гьечIониги, 9 Маялъул байрам ккола халкъалъул ракIалдещвей, рагъулъ ккарал



КигIанго бокьичIониги, жакъа нилъеда цадахъ рагъул ветеранал гьечIо, амма нилъгун руго доб рагъул нугIзал -бергьенлъи гIагар гьабизе дагьабниги бутIа жидеца лъурал рагъул соназул лъимал ва тылалъул захIматчагIи, рагъул гIахьалчагIазул лъимал-Бергьенлъиялъул ирсилал. Лъидасаго лъикI гьезда лъала ва бичIчIула кинаб багьа советияб халкъалъ бергьенлъиялъухъ къураб. ТIолгохалкъалъулаб багьадурлъиялъ, бахIарчилъиялъ квербакъана фашизмалдаса улка эркен гьабизе. Жакъа нилъеда кIочон тезе бегьуларо советияб халкъалъул гьунар.

камиязул ва байрамалъул рохелалъул бухIараб магIу. Инсан чIаго вукIуна халкъалъул ракIазулъ вугебгIан мехалъ. Баркула нужеда чIухIилъун ва рецццлъун жиб кколеб 9 Май! Гьарула кидаго ракълилаб зоб, щулияб сахлъи ва талихIаб гIумру»,-ян абуна байрамалъулаб тадбиралда баркиялъулаб жиндирго кIалъаялда районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас.

«Дагъистаналдаго гIадин, районалдаги гIемер хутIичIо жидеда рагъул кьогIлъи хъинтIичIеб хъизанрукъ. 1459 цIумадисев ана КIудияб ВатIанияб рагъде.



Къоло анкьго миллион советияв чияс рухI къураб

120 чи абадиялъего хутIана къалул байданазда. Араб бакI лъачIого тIагIана 305 нилъер ракьцояв. 1034 тIадвуссана чорхое сакъатлъи ккун. Гьезул ва миллионал советиял



гIададамазул бахIарчилъи, гьунар ва къохIехьей букIина гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун. Даимаб рецц гьезие!

КигIанго пашманаб хIакъикъат букIаниги, жакъа нилъеда гьоркьор хутIун гьечIо рагъда къохIехьарал, тушманасе накаби чIвачIел, бергьенлъи гIагар гьабиялъулъ жидерги мустахIикъаб бутIа бугел нилъер ракьцоял-рагъул



гIахьалчагIи. Гьел хутIана гIицIго ракIалдещвеязулъ.

Ункъо соналъ халатбахъараб рагъулъ ВатIаналъул эркенлъиялъе гIоло багъана къуватгун бащалъи гьечIев



тушманасда данде советияб халкъ. ВатIан цIунулаго хваразе даимаб рецц!

Баркула нужеда миллионал гIадамаз гIумруги къун босараб бергьенлъиялъул рохалил ва пашманлъиялъул магIу хулараб байрам. Гьарула ракълилаб зоб, талихI ва рохел!»,-ян абуна баркиялъулаб кIалъайгун цеве вахъарав районалъул рагъулав комиссар ХIабиб ХIабибовас.

Байрамалда баркиялъулал кIалъаялгун цере рахъана рагъул ва захIматалъул ветераназул районалъул Советалъул председатель МухIамад Шамсудинов, Липецкалъул УМВДялъул заманаялъ районалда чIей бугеб полициялъул отделалъул нухмалъулев Роман Пожидаев, Эчеда росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалим НасихIат Гъазуева, Хуштада росдал администрациялъул бетIер Асадула ИсмагIилов.

Хадуб районалъул бетIерас батIи-батIиял рагьазул тункахIусиязул ветераназе къуна гIарцулал сайгъатал, Асадула ИсмагIиловасе-«Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи» абураб меседил медаль.

Байрамалъе, кидаго гIазул администрациязе рес къун букIана жидецаго батIа-батIаго, ялъуни гIисинал росаби цолъизарун, байданал тIоритIизе. Цереккун соназ жигараб гIахьаллъиги букIунаан гьезул. Цо-цо гIиллабазда бан, хуштадерие данде ккечIо гьениб гIахьаллъизе. Щаяли лъаларо, Агъвали, кIиябго Гьаквари росдал гIаммлъизабураб, ТIинди ва Инхокъвари росабаз гурони исана гьениб гIахьаллъи гьабичIо. Яги гьезул росаби тарихги гьечIел, росдал гIамалгIадатги гьечIелищ ругел?! Ялъуни росабазул бегавулзабаз иргадулаб нухалъги гьеб тадбиралдехун жидерго бугеб




дин, хасаб чIаголъи къуна маданияталъул управлениялъул артистазул, «Бакъ» ва «Теремок» лъималазул ахазул гьитIичазул, Агъвали гимназиялъул цIалдохъабазул ва «МугIрузул гIолохъанлъи» къурдул ансамблялъул гIахьалчагIазул церерахьиназ.

Рохалилаб тадбиралъулъ хасаб бакI ккуна стадионалда тIоритIарал росабазул миллиял майданаз ва миллиял тайпабазул спортивиял церерахьиназ.

* * *

КигIанго лъикI КIудияб Бергьенлъиялъул къо кIодо гьабиялъул тадбир аниги, цо-кIиго рагIи абичIого гIоларо росабазул байдабазул хIакъалъулъ. Райадминистрациялъул хIукмуялда рекъон, къабул гьабун

кIваргъечIолъи бихьизабийищ гьеб кколеб?! Щай иш гьедин ккарабали, гьелъул хIисаб гьабизе батила райадминистрациялъул нухмалъиялъ.

Кидаго гIадин, щвалде щвараб хIадурлъигун рачIана байрамалде гьакварисел ва тIиндал. Хушет, ТIад ва Гъоркьхъварщини, Метрада, Инхокъвари ва Хъварщи росабиги цолъизарун тIобитIизе кколеб букIаниги, цохIо инхокъварисел рахъун чIана байрамалъул къоялъ байданалда.

Байдабазул гIуцIарухъабазе тIагIамаб кванихъ, гIун бачIунеб гIелалъе умумузул гIадат-гIамалалъулгун лъайхъвай гьабизе рес къураб цебелъеялъухъ, гьабураб ихтилаткепалъухъ баркала.

Гьанибго абила байрамалъул гIуцIалилаб рахъалъулги.



букIана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 72 сон тIубаялъул хIурматалда, хасал шартIалги цIунун, щибаб росдал администрациялъ байданал тIоритIизе. Росаба-

БитIараб буго, цIад бана.

Амма гьелъул щибго квалквал букIинчIо микрофонал хIалтIизаризе.

Юбилей

## АнвархIажи Вечедовас - 60 сон



ХIурматияв АнвархIажи МухIамадович!

РакI-ракIалъ баркула дуда гIумрудул 60 сон тIубай.

Гьале лъагIалидасанги цIикIкIараб заман буго дуца районалъе нухмалъи гьабулелдаса. Кьолболъанго ккечIониги, лъалел хисабасиял ккана районалда. ХIалхьи-рахIат лъалареб, хIинкъи-къай гьечIеб хIалтIул хIасиллъун ккола районалъул социалиябгун экономикияб рахъ дагь-дагьккун цебетIей.



ГIумрудул хIалбихьиги цIикIкIарав, церелъурал масъалаби тIуразе хIаракат бахъулев дур нухмалъиялда гъоркь ракIчIарал галаби церехун росулел руго метерисеб къоялде божилъигун районцояз. Гьеб ккола дур хIалтIуе аслияб къимат.

60 сон - гьеб ккола гIумрудул тарихгун хIалбихьи гуребги, сверухъ ругезул адаб-хIурмат, гIакъиллъи ва цIодорлъи, хIал рекъей.

Гьарула дуе чорхое сахлъи, рекIее бахIарлъи, берзуе канлъигун цIваки.

БукIа абе дур гIумрудулъ даимаб рохел, гьудул-гьалмагъзабаздасан вохи ва чIухIи, талихIалъгун икъбалалъ къвалбай, рукIа абе дур гIумрудул сонал дуе рикIкIеналъе тарихлъун гурел, гIакъиллъиялъулгун гIумрудул хIалбихьиялъул стажлъун.

ГIемераблъун кколаро 60 сон - гьеб буго гIицIго кIицIул лъеберго-гIумрудул завал, жан, къартI. Гьединлъидал, бищун талихIаб, сахаб, рохел гьарзаяб хадусеб лъеберго сон дур жеги цебе буго.

**МухIамад Камилов,** МугIрузул территориалияб округалда вугев Дагъистаналъул БетIерасул вакил

**«ЦIумада район» муниципалияб районалъул Собраниялъул депутатал**

**«ЦIумада район» муниципалияб районалъул актив**

**РЕШЕНИЕ №4**

**11-й сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» 6-го созыва от 2 мая 2017 года**

**О внесении изменений в решение №8 сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 23 декабря 2016 г. «О бюджете МР «Цумадинский район» на 2017г.»**

Собрание депутатов МР «Цумадинский район» **решает:**

1.Внести изменения в решение №8 сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 23 декабря 2016 г. «О бюджете МР «Цумадинский район» на 2017 год»

2.Настоящее решение вступает в силу со дня его опубликования.

**Глава МР «Цумадинский район» А.Вечедов**

**Приложение № 1**
**к решению №4 сессии Собрания депутатов**
**МР «Цумадинский район» от 2 мая 2017 г.**

1.Направить переходящий остаток средств дорожного фонда по состоянию на 1 января 2017 года в сумме -7278,4 тыс. рублей на асфальтирование внутрипоселковой дороги.

2.Уменьшить субсидии на софинансирование расходных обязательств, возникающих при выполнении полномочий органов местного самоуправления по вопросам местного значения всего на сумму -2895,0 тыс. рублей. В том числе:

| № п/п | Наименование школ | ЭКР | Сумма |
|---|---|---|---|
| 1 | Агвали СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 302 |
| 2 | Гигатли СШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 100 |
| 3 | Кванада СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 100 |
| 4 | Тинди СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 150 |
| 5 | Н – Гаквари СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 80 |
| 6 | В - Гаквари СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 80 |
| 7 | Хуштада СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 80 |
| 8 | Тисси СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 50 |
| 9 | Тлондода СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 32 |
| 10 | Метрада СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 80 |
| 11 | Эчеда СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 93 |
| 12 | Тисси – Ахитли | 074 0702 9900070020 244 310 | 100 |
| 13 | Кеди СОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 80 |
| 14 | Гигатли – Урух ОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 80 |
| 15 | Саситли ОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 80 |
| 16 | Хушет ОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 80 |
| 17 | Хонох ОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 200 |
| 18 | Гакко ОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 93 |
| 19 | Н-Инхоквари ОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 186 |
| 20 | Гадири ОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 50 |
| 21 | Сильди ОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 150 |
| 22 | Гимерсо ОШ | 074 0702 9900070020 244 310 | 36 |
| 23 | ДЮСШ | 074 0703 9900070030 244 310 | 500 |
| | ДЮСШ | 074 0703 9900070030 244 290 | 113 |
| | Итого: | | 2895 |

3.Уменьшить расходы Администрации МР «Цумадинский район» в сумме 2,0-тыс. рублей. В том числе по коду: 001 0104 9900010040 852 290 -2,0 тыс. рублей.

Увеличить расходы Администрации МР «Цумадинский район» в сумме 2,0-тыс. рублей. В том числе по коду: 04 9900010040 831 290 -2,0 тыс. рублей.

4. Уменьшить расходы МКОУ «Нижнегакваринская школа-сад» в сумме 200,0-тыс. рублей. В том числе по коду: 074 0702 9900070020 414 310-200,0 тыс. рублей.

Увеличить расходы МКОУ «Нижнегакваринская школа-сад» в сумме 200,0-тыс. рублей. В том числе по коду: 074 0702 9900070020 243 310-200,0 тыс. рублей.

# Хвел гьечIеб бахIарчилъиялъе-даимаб рецц!

2



Концертаздегун кьурди-кечIалъухъ нилъер гIадамал урхъун рукIин бихьулеб букIана музыкалияб бутIа байбихьилалде ракIарарзул къадаралъухъ балагъуни. Амма пайда щибха… «Хадижат, микрофон рекъезабеян абе дозда»,-ян рукIана бакI-бакIаздасан рагIулел гьаркьал. Лъабго микрофон цебе бачIаниги, цонигиялдасан букIинчIо бичIчIулеб я рагIи, я бакъан. РачIухъе, нахъе ана гIадамал. Гьеб цо. КIиабилеб. «Флешкаби къазаризе гьал гьанире ахIичIониги, бегьизе букIана»,-ян абулелги камичIо. БитIараб буго. МахIачхъалаялдасан рахъарал Агъвалире щвезегIан рачIарал нилъер кочIохъабаз, бегьилаан гъуни гьабун фонограммаялда гъоркь ахIулел кучIдузда рекъон, кIутIби расандизаричIого, цо лъабго кечI чIагояб гьаркьидалъун ахIизе. Гуронани, нилъго нечараб хIал ккана чIагояб гьаркьидалъун салам кьолей кочIохъанги, кечI ахIулеб флешкаги цадахъ ккедал.

Берцинаб гьаракь бугев кочIохъан абун районалде вачIарав Вахацагийищ гьанже ноутбукгун флешка хIалтIизарулелилан баккана руччабазда гьоркьобги щури. «ПатIиматил кочIолъ кIиго рагIицин бичIчIичIо»,-ян гаргалелги камичIо гIолохъанаб гIелалда гьоркьор.

Дун гуро артистазул махщалилаб рахъалда дагIба балей гIадан, якъинаб жо жидее гьабураб критикаги гьезие ва гьел таразеги бокьизе гьечIеблъи, дица халкъалъул пикру загьир гьабулеб буго, хадурккун культуриял тадбирал тIоритIулаго, гьел рахъалги хIисабалде росилин пикругун.



**Хадижат Залимханова**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь ХАДИЖАТ ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ: Редакторасул 2-52-44 Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахьарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2030 Заказ ---

Графикалда рекьон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана l6 с. 45 мин.

Газеталъул электронияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо

# БахIарчиясул хабаде щвана

КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдасан 72 сон тIубаялда хурхун, 3 маялъ Агъвалисан Эчеда щвезегIан тIобитIана машинаби ричай.

Байрахъаз къачIарал машинабазул колонна радал сагIат 9 тIубарабго къокъана Агъвалисан Эчеда росулъе. Гьенире щвейгун районалъул делегация тIоцебе ана Къади Абакаровасул хабаде зияраталъе. Хадуб росдал годекIаниб тIобитIана Бергьенлъиялъул къоялда хурхараб митинг. Гьеб рагъарав Эчеда гьоркьохъеб школалъул гIуцIарухъан Гъазу Гъазуевас росдал жамагIаталъул рахьалъан баркала загьир гьабуна гьалбадерие жидер росуцояв Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул къимат гьабун гьесул хабаде зияраталде рачIиналъухъ.



БахIарчиясул гIумрудул нухалъул бицана Эчеда росдал школалъул мугIалимзабаз, школлъималаз ва лъималазул ахалъул гьитIичаз ахIана рагъулал, ВатIан цIуниялда хурхарал кучIдул.

Митингалда кIалъазе рахьарал райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас, хIалтIул ва рагъул ветераназул Советалъул председатель МухIамад Шамсудиновас, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев Муса Гьаруновас, районалъул бетIерасул кумекчи АхIмад АхIмадулаевас ва цогидазги эчедисезда баркана Бергьенлъиялъул Къо.



МухIамад Шамсудиновас бицана Къади Абакаровасул гьунар мисалльун рукIине ккелин эчедисезул гIолеб гIелалъе, кIочене бегьуларин, ВатIан цIунулаго багьадурзабаз бихьизабураб кьохIехьей улка цIунулаго хварал багьадурзаби».

Тадбиралъул ахиралда патриотикиял кучIдул ахIана маданияталъул хIалтIухъаби Дибир МухIамадовас ва Асадула ГIумаровас.

**МухIамад Къасумов**

## Прокуратура

### Изменения в пенсионном законодательстве

Федеральным законом «О внесении изменения в статью 64 Закона Российской Федерации «О пенсионном обеспечении лиц, проходивших военную службу, службу в органах внутренних дел, Государственной противопожарной службе, органах по контролю за оборотом наркотических средств и психотропных веществ, учреждениях и органах уголовно-исполнительной системы, Федеральной службе войск национальной гвардии Российской Федерации, и их семей» принятым Государственной Думой 10 февраля 2017 года внесено изменение, касающееся порядка выплаты пенсий при выезде на постоянное жительство за пределы территории Российской Федерации,

Указанным федеральным законом устанавливается, что назначенные в соответствии с названным Законом Российской Федерации пенсии лицам, которые выезжают (выехали) на постоянное жительство за пределы территории Российской Федерации, выплачиваются в порядке, установленном Правительством Российской Федерации, если иное не установлено международными договорами Российской Федерации.

Это позволит соотнести порядок выплаты пенсий указанным лицам с порядком выплаты пенсий при выезде на постоянное жительство за пределы территории Российской Федерации, установленным федеральными законами от 28 декабря 2013 года № 400-ФЗ «О страховых пенсиях» и от 28 декабря 2013 года № 424-ФЗ «О накопительной пенсии».

**И. Вакилов, прокурор района**

## Спорт-Спорт-Спорт

КIудияб бергьенлъи босаралдаса 72 сон тIубай кIодо гьабун, Агъвали стадионалда 9 маялъ тIоритIана ригьдаса арада гьоркьоб спорталъул миллиял тайпабазул рахьалъ кьецал.



Кьецазда гIахьаллъаразул къадар кього чиясде гIунтIун букIана. Кутакалда аваданго, ракIал разияб хIалалда тIоритIарал кьецазулъ рукIана лъабкъоялдаса тIаде гIумрудул сонал ругел «гIолохъаби». Гьезда гьоркьор 61 сон тIубарав ТIадгьаквариса Асадула АхIмадов, нусго сониде вахунев Агъвалиса СаидхIасанги.



Лъабкъого метралъул манзилалда векерун бергьана милициялъул ветеран Сайпула МухIамадов, кIиабилеб бакI щвана Агъвали росдал Маштихи авалалда гIумру гьабун вугев Рашидбег МухIамадовасе ва лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна «меседил» кверазул устар, жиндир гIумру нусго сониде бахунев вугев Агъвалиса СаидхIасан СаидхIасановас.

Чпаралъуса халалъуде кIанцIун тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана ТIадгьаквариса Асадула АхIмадов, кIиабилеб бакI щвана ТIиндиса МухIамад Коратовасе ва лъабабилеб бакI-Метрадаса Муса ГьазимухIамадовасе.

ГамачI рехун тIоцебесеб бакI босана Агъвалиса Багьавдин ГIабдурашидовас, кIиабилеб бакI-ТIадгьаквариса Асадула АхIмадовас, лъабабилеб-Агъвалиса МухIамадрасул Гагиевас.

Бергьарал ва призерал райадминистрациялъул спорталъулгун туризмалъул отделалъул рахьалдаса гIарцулал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна.

Бергьине бахьараб хIаракаталъухъ приз кьуна КIванадаса КъадимухIамад Сайпулаевасеги.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

# Кироваулалда хIасилал квешал ккечIо

7-9 маялъ Гъизилюрт районалъул Кироваул росулъ тIобитIана 2003-2004 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ Дагъистаналъул первенство.

Гьенир гIахьаллъана нилъер районалъул лъималазулгун-гIолилазул спортшколалъул гугарухъаби ва рихьизаруна лъикIал хIасилал.

Гьедин, 58 кг. цIайиялда цеве вахъарав Сайпудинов Баширие щвана тIоцебесеб бакI, ва 50 кг. цIайиялда Къурбанов Шамилица ккуна кIиабилеб бакI.

Баркула Баширида ва Шамилида щварал бергьенлъаби.

**Шамил Сажидов**

2014 соналъул 23 июлалда Россиялъул Пенсионнияб фондалъул ЦIумада районалда бугеб отделалъ МухIамадова СалихIат МухIамадовналъул цIаралда кьураб МК-6 №03539 эбелалъулаб (хъизаналъулаб) капиталалъул сертификат билун буго.

Гьеб жакъа къоялдаса нахъе хIакъикъияб гуребльун рикIкIуна.

Бабаюрталъул ракьалда бугеб «Раджаб» КФХялъе хIажат йиго доярка.

Баянал щвезе ахIизе бегьула телефоналъ МухIамадрасулихъе гьаб номералде 89064699238.